*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



# *«Журтын дәстан еткен жазыўшы»*

*Төлепберген Қайыпбергеновтың биобиблиографиясы*

*Нөкис - 2019*

**Ҳақ жарылқап бул жапакеш халықты,**
**Талант көзин булақ киби ағылтты,**
**Қурттай халықтан қос байтерек шығарып,**
**Ҳаўазасын жети ықлымға таныттты.**

**Соның бири, ел аўзында Төлексең,**
**Сый-ҳүрметте басқалардан бөлексең,**
**Руўхыңнан еле айбынып тураман,**
**Мың толғанып, бир шығарма дөретсем.**

**Тамыры терең, шайқалмастай терексең,**
**Өжет минез, ел ишинде, ерексең,**
**Оқыўшының жан азығы мийрасың,**
**Ал, бизлерге өлшем ушын керексең.**

***М. Нызанов.***

***Қарақалпақстан халық жазыўшысы.***

# *Кирисиў*

Ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан баслап елимизде дөретиўши инсанларға айрықша итибар қаратылып, халқымыздың мәденияты менен руўхый дүньясын байытыў жолындағы ийгиликли



ислер ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатланып келинбекте. Бул әзелден халқымызға тән болған әдебиятқа, мәдениятқа, көркем-өнерге, дөретиўшиликке деген айрықша меҳир ҳәм итибардың көриниси саналады.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев 2017-жыл 3 август күни елимиздиң дөретиўши зыялылары ўәкиллери менен ушырасыўында шығып сөйлеп былай деди. - Әдебият пенен көркем-өнерге, мәдениятқа итибар – бул бәринен бурын, халқымызға итибар, келешегимизге итибар, уллы шайырымыз Шолпанның айтқанындай, әдебият, мәдeният жасаса,

миллеттиң жасаў мүмкинлигин умытыўға бизиң ҳасла ҳақымыз жоқ. Руўхый турмысымызды буннан былай да раўажландырыў мақсетинде соңғы ўақытта бир қанша әҳмийетли ҳүжжетлер, соның ишинде китапқумарлық мәдениятын арттырыў, мәденият ҳәм көркем-өнер саласын жетилистириў, аймақларда уллы көркем-өнер ғайраткерлериниң аты менен аталатуғын дөретиўшилик мектеплер менен орайлар шөлкемлестириў ҳаққындағы қарарлар ҳәм бийликлер қабыл етилди – деп атап өтти Президентимиз. Сондай ақ, ол өз сөзинде Ташкент қаласында «Жазыўшылар қыябаны» қурылып атырғанлығы, ол жерде әдебиятымыздың ири ўәкиллерине бағышлап естелик комплекслериниң орнатылып атырғанлығы, сондай-ақ, басқа да бир қатар қалаларымызда белгили жазыўшы - шайырларымызға естелик орнатылып атырғанлығы ҳаққында айтып өткен еди. Мине солардың бири бизиң Нөкис қаласында қурылып иске түскен ҳәм ҳәзирги ўақытта ол жерде талантлы жаслар билим алып атырған Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсупов атындағы мектеп-интернаты болып табылады. Елимизде әдебиятқа, мәдениятқа деген мине усындай итибардың нәтийжесинде халқымыздың, әсиресе бүгинги жас әўладларымыздың әдебиятқа деген ықласы артып бармақта.

Халқымыздың руўхый дүньясын байытыўда әдебияттың, мәденияттың орны гиреўли екен, демек биз өзлериниң өлмес әжайып дөретпелери менен халқымызға таныլған жазыўшы, шайырларымыздың, дөретиўши инсанлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин өсип киятырған жас әўладларға еле де тереңирек таныстырып барыўымыз дәркар.

Қарақалпақ әдебиятында жазыўшы - шайырлар көп, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар, Аннақул, Қулмурат, Аяпберген Мусаев, Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов ҳәм тағы да көп санлы көркем сөз дөретиўшилери. Олардың ҳәр бири өзиниң дөретиўшилик жолы, шайырлық таланты, поэтикалық стили, әжайып дөретпелери менен бир-биринен ажыралып турады. Солардың бири, өзине тән дөретиўшилик жолына ийе, проза жанрында қәлем тербетип тек ғана қарақалпақ әдебиятында емес Орайлық Азия халықлары әдебиятында, ҳәттеки дүнья халықлары әдебиятында да ылайықлы орын ийелеген, қарақалпақ халқын

дүньяға таныткан жазыўшы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы Төлепберген Қайыпбергенов болып табылады. Қарақалпақ халқының таң жулдызы деп тәрийип берилген бул уллы тулға қарақалпақ әдебияты тарийхында салмақлы из қалдырды, әдебий жөнелисте өз алдына бир дәўирди жүзеге келтирип үлкен мектеп жаратты, оғада қунлы шығармалар дөретип қарақалпақ проза жанрын бийик шыңларға алып шықты ҳәм оны дүнья әдебияты менен байланыстырды. Солай етип ол XX әсир қарақалпақ прозасы жетекшилериниң бирине айналды.



Жазыўшының тек қарақалпақ прозасында ғана емес, оннан да кең масштабтағы әдебиятлар арасында орны бар екенлиги бүгинги әўлад мақтанышы. Сонлықтан да Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы, халықаралық Қашғарий, Шолохов атындағы сыйлықлардың лауреаты, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергеновтың философиялық даналығы ҳәр дәўирде де кеўиллерди толқытып жасай берери сөзсиз. Қаҳарман жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновтың әдебий мийрасларын бүгинги жас әўладларға еле де толығырақ таныстырып барыў мақсетинде усы биобиблиографияны жазып отырмыз.

## *Төлепберген Қайыпбергеновтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети.*

Төлепберген Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районының аймағындағы Шортанбай аўылында дийхан семьясында дүньяға келди. Болажақ жазыўшы еле аўылдағы мектепте оқып жүрген ўақытларында-ақ, зийрек, қунтлы оқыўшы болды. 1945-1947-оқыў жылларында Хожели педучилищесин

оқып питкергеннен соң, 1947-50-оқыў жылларында аўыл муғаллими болып ислеген, 1950-жылы  Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты бөлимине оқыўға түседи. Тап усы ўақыттан оның әдебиятқа араласыўы басланды. Ол дәслеп киши қосықлар жазды. Ал ең дәслепки гүрриң ҳәм очерклери ″Блокнот сөйлейди″ деген топламында басылып шықты. 1955-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлағаннан соң «Әмиўдәрья» журналының хатлар бөлиминде, радио еситтириў комитетинде редактор, Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер болып иследи. 1959 - 64-жылларда әўели жаслар газетасының редакторы, кейин баспаның директоры болды. Буннан соң 1964 – 67 - жыллары Қарақалпақстан телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде, 1967-1980 жыллары Қарақалпақстан баспасөз басқармасы баслығының орынбасары болды. 1980-жылы сентябрь айында Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы болып сайланды. Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармалары баспа сөзде 1955-жыллардан баслап жәрияланып киятыр. Оның китапларының басым көпшилиги өзбек, рус, қазақ, қырғыз, түркмен, украин, эстон, молдаван, англичан, поляк ҳәм басқа да тиллерде басылып шықты. Сондай - ақ Төлепберген Қайыпбергеновтың көпелеген интервьюлери, шығып сөйлеўлери, мақалалары Англия, Арабстан, Ҳиндстан, Япония, Венгрия, Голландия мәмлекетлериниң баспа сөзлеринде басылған. Жазыўшы өзиниң көп ғана прозалық дөретпелери менен қарақалпақ әдебиятын байытты. Оның очерклери, гүрриңлери, романлары миллий көркем прозамызда өз орнына ийе. Төлепберген Қайыпбергеновтың ҳәзирге шекем ″Секретарь″, ″Муғаллимге рахмет″, ″Суўық тамшы″, ″Уйқысыз түнлер″, «Тәңҳә өзиңе мәлим сыр», «Қара дәптер» повестьлери, «Соңғы ҳүжим» ″Қарақалпақ қызы″, ″Қарақалпақ дәстаны″, ″Көздиң қарашығы″, ″Қарақалпақнама″ романлары, сондай-ақ ғәрезсизлик дәўирине тийисли ″О дүньядағы атама хатлар″, ″Қәлбимниң қамусы″, ″Туркийнама″, «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» дөретпелери, көп санлы публицистикалық шығармалары жәрияланды, олар ҳәзирги қарақалпақ

прозасының буннан былай да раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болып табылады.

Жазыўшының 1955-жылы ″Почтальон келгенде″ атлы гүрриңи биринши рет жарық көрди. Соннан кейинги жыллары жазыўшы болып қәлиплести ҳәм



жоқарыда атап өтилген шығармаларын дөретти. Ол көркем әдебият тараўындағы хызметлери ушын Бердақ атындағы Қарақалпақстан республикалық, Ҳамза атындағы Өзбекстан Мәмлекетлик сыйлықларын алды. Буннан басқа ол 1986-жылы ″Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясы ушын бурынғы аўқамның мәмлекетлик сыйлығына, 1994 - жылы ″Қарақалпақнама″ роман-эссеси ушын М.Қашғарий атындағы халықаралық (Орта Азия) сыйлыққа миясар болды. Төлепберген Қайыпбергенов 2003 жылы «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын алыўға еристи.

Төлепберген Қайыпбергеновтың дөретиўшилигинде повестьлер үлкен орын тутады. Мәселен, 1956-жылы жарыққа шыққан ″Секретарь″, 1958-жылы жәрияланған ″Муғаллимге рахмет″ повестьлери жазыўшының дәслепки повестьлеринен болып, олар қарақалпақ әдебиятында повесть жанрын раўажландырыўда белгили орынды ийеледи. ″Сууық тамшы″, ″Уйқысыз түнлер″ повестьлери көркемлик дәрежеси жоқары, усы жанрдың талапларына жуўап беретуғын шығармалар болды. Усы еки повестьтеги Камал ҳәм Гүлзар Қарақалпақова образлары қарақалпақ әдебиятындағы ең шебер жасалған образлар қатарында тилге алынады. Оларда психологизм, қаҳарманлардың руўхый ҳалатын ашып бериўге айрықша әҳмийет берилген. Еки повестьте де екинши дүнья жүзилик урыс ақыбетлери, оның адамзат өмириндеги трагедиясы Камал ҳәм Гүлзар өмири арқалы жүдә шебер ашып берилген.

Жазыўшының 1960-жыллары жарыққа шыққан ″Соңғы хүжим″, ″Қарақалпақ қызы″ романлары миллий прозамызда қаҳарман характеринин

эволюциясын сүўретлеўде әҳмийетке ийе болған шығармалар қатарына киреди. ″Қарақалпақ қызы″ романында қаҳарман характери, психологизми шебер жасалған. Шығармадағы барлық ўақыя Жумагүл образы арқалы ашып бериледи. Бунда қарақалпақ қызының ҳуқықсызлық, теңсизлик өмирден еркинликке умтылыўындағы басып өткен азаплы жолы жүдә исенимли түрде сүўретленген, сондай-ақ Зәрипбай, Дүйсенбай, Қутымбай, Турымбет, Айтен молла образлары оқыўшының дыққатын өзине тартады.

60-жыллардың екинши ярымынан баслап ″Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясы жәриялана баслады. Бул трилогия үлкен көркем шығарма болып, ол ҳақыйқый сөз шебери – қолы гүл уста тәрепинен өз халқын айрықша меҳир муҳаббет пенен сүйетуғын жазыўшының жүрек көзи менен жаратылған. Роман рус, өзбек, қазақ, түркмен тиллерине аўдарылды. Бул дөретпени өзбек илимпазлары П. Шермухаммедов, рус изертлеўшилери З. С. Кедрина, М. Ломунова, Т. Давыдова, қарақалпақ алымы, академик Марат Нурмухамедовлар изертлеп өз баҳасын берди. Роман үш китаптан ибарат: ″Маман бий″ әпсанасы, ″Бахытсызлар″, ″Түсиниксизлер″. Трилогияда қарақалпақ халқының XVIII, X1X әсирлердеги турмысы тарийхый фактлер тийкарында көркем тилде ашып берилген.

Романның биринши китабы **″Маман бий әпсанасы″** роман-трилогияның биринши китабы болып, тийкарғы орайда XVIII әсирдеги қарақалпақ батыры Маман бийдиң тарийхый ҳәрекети турады. Ол қарақалпақ халқының мәрт азамат батыры болған Оразан батырдың улы. Сюжеттиң тийкарғы жолы Маман бий әтирапында раўажланса, оның гейпара тараўлары Абылқайыр, Мурат шайық, Аманлық, Ырысқул бий, Есенгелди, Айғара бий ҳәм тағы басқалардың ҳәрекетлери менен тығыз байланыслы. Бирақ, олардың ҳәммеси Маман бий образының әтирапында болып өтеди. Романда қарақалпақлар өмириниң Жаңадәрья бойындағы дәўири ҳәм Хорезмге көшип келиўи, бул жердеги дәслепки күнлери сүўретленеди. Жаңадәрья бойында жасап атырған қарақалпақлар қазақлардың киши жүзиниң ханы Абылқайырдың қол астында болады. Абылқайыр бақлаў ҳәм басқарыў ушын оларға Ғайып деген кисини

ярым хан етип қояды. Қарақалпақлар Абылқайырға көп салғыртлар төлеп азап көргенликтен урыўлардың басшы бийлери бул азаптан қутылыўдың жолларын излестире баслайды. Олар ҳәр жаққа тарап кеткен қарақалпақларды бирлестирип күшли халық болыўды мақсет етеди.

Трилогияның екинши китабы -**"Бахытсызлар"** романы. Бунда қарақалпақ халқының XIX әсирдиң биринши ярымындағы өмири сүўретленеди. Роман сюжетиниң орайында халқымыздың тарийхындағы белгили тулға - Айдос бий турады. Усы образды жасаў ушын жазыўшы Бердақтың "Айдос баба" шығармасындағы Айдос образын ҳәм тарийхый шынлықты басшылыққа алады. Айдос бий Хийўа ханлығына сүйенип қарақалпақ ханлығын дүзбекши болады. Ол өз мақсетин әмелге асырыў ушын Хийўа ханлығына барынша жаранады. Бирақ Қоңырат қаласының ҳәкими Төремурат суўпы Хийўа ханлығынан ғәрезсиз Қоңырат ҳәкимлигин дүзиўге ҳәрекет етеди. Елдиң ишинде еки басшы ортасында қарама-қарсылық келип шығады. Айдостың еки иниси Бегис пенен Мыржық Төремурат суўпы тәрепине өтеди. Хийўадан хан келип Айдосты қоллаған болып Төремурат суўпы ләшкерлерине қарсы урыслар жүргизеди. Усы урыста Айдос инилери Бегис пенен Мыржықты өлтиреди. Айдос буннан кейин де қарақалпақ бийлерин бириктирип ғәрезсиз мәмлекет дүзбекши болады. Бирақ бийлер бирикпейди. Бул ең ақырында Айдостың өлимине алып келеди.

Романның бас қаҳарманлары Айдос бий, Төремурат суўпы, Бегис, Мыржық, Қумар ана ҳәм тағы басқалар. Айдос ойшыл, өз халқының тәғдирин тереңнен ойлай алатуғын адам. Ол қала салыў, егин егиў мәдениятын раўажландырады. "Мириўбет күни" деген бир-биреўге ғамхорлық көрсететуғын күнди ойлап шығарады. Буннан басқа да көп ғана жақсы ислерди әмелге асырады. Романдағы Бегис ҳәм Мыржық образлары мазмуны бойынша бири-бирине жақын. Екеўи де Айдос бийдиң туўысқан инилери. Қумар ана образы - жазыўшының үлкен табысы. Ол ақыллы, уқыплы ҳаял, атақлы Есенгелди мәҳремниң қызы. Қайнағасы менен күйеўи Мыржықтың арасында, Төремурат суўпы менен Айдостың арасындағы ала аўызлықлардың алдын алыўға ҳәрекет

етеди. Ҳәммесин де өз орны менен сыйлайды. Өзиниң ҳаяллық ар-намысын ҳәмме жерде де қорғай алады.

Романда Айдос бий, Есенгелди бий, Төремурат сууҏы, Мухаммед Әмин хан, Мухаммед Рахим хан, Бегис, Мыржық, Қумар, Ырза, Төре, Ерназар, Күнхожа ҳәм басқалар тарийхта болған адамлар бар.

Романның үшинши китабы - **″Түсиниксизлер″ романы.** Ерназар алакөздиң өз халқының басшысы болып, Хийўа ханлығы зулымлығына қарсы алып барған гүреслерин сүўретлеўге арналған. Романда Ерназар алакөз, Ерназар кенегес, Бердақ шайыр, Зарлық, Жанғазы, Қарақум ийшан, Қумар ана, Сайыпназар, Гүлзийба, Теңел, Қәллибек, Генжемурат сыяқлы образлар берилген. Ерназар алакөз образы - әдебиятымыз тарийхында Маман бий, Айдос баба ислерин даўам етиўши, өз халқының ғәрезсизлиги ушын гүрес алып барған батыр, тарийхый адам образы болып табылады.

Бул роман тийкарынан аты тарийхта әпсана болған адам Ерназар алакөздиң өмирин ҳәм ол жасаған дәўирдеги қарақалпақ халқының тарийхын сүўретлеўге арналған. Романда Ерназардың жигитлик дәўиринен баслап, халық көтерилисиниң басшысы болып, көтерилисшилер ыдырап, жеңилиске ушырап, Ерназардың өлимге гириптар болыўына шекемги жүдә көп жыллық ўақыя сүўретленеди. Ерназар алакөз бул -″Бахытсызлар″ романындағы Айдостың иниси Мыржық пенен келини Қумардан туўылған бала. Ол жасынан-ақ ақыллы, сөзге шешен, палўан ҳәм батыр жигит болып өседи. Гүреслерге түсип жеңислерге ериседи. Усындай пазыйлетлери нәтийжесинде бийлик әмелине ериседи. Бирақ Ерназар бий бийлик әмелин Маман бий менен Айдос баба идеялық тийкарын салған қарақалпақ ханлығын дүзиў ушын пайдаланады. Романдағы Зарлық төре, Жанғазы төре, Михайлов, Теңел ҳәм Қәллибек образлары ҳәм басқа да образлар сәтли жасалған.

Төлепберген Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясынан кейин ″Көздиң қарашығы″ романын, ″Қарақалпақнама″ роман-эссесин жазды. Жазыўшының ″Көздиң қарашығы″ романы тарийхымызда ″тубалаўшылық жыллары″ деп аталған дәўир шынлығынан алынған. Романның баслы

қаҳарманлары Дәўлетов ҳәм Сержановлар. Романда сол жыллары орын алған қосып жазыўлар, әмелди ийелеў ушын ҳәр қандай жынаятқа қол урыў, жарамсақланыў сыяқлы иллетлер, экология машқалалары сөз етиледи.



"Қарақалпақнама" роман-эссеси бүгинги әдебияттың жоқары көркемлик ҳәм идеялық талабынан туўған. Автор романда мифлерди, әпсаналарды, легендаларды, дидактикалық пикирлерди эволюциялық жол менен турмыслық материалларға араластырып сүўретлейди. Бул шығарма өзине тән өзгешеликке ийе. Биринshiден, автордың жеке творчестволық эволюциясы менен бирге республикамыздағы көркем ойдың өсиўин береди, екиншиден, миллий фольклорлық материалларды пайдаланыўы бул романның өзине тән ҳәм миллий өзгешелигин көрсететуғын баслы факторлардың бири болып есапланады. Автор өзиниң жеке өмирине, дөретпесине, өзи өскен жәмийетлик өмирге тән мемуарлық элементлерди де шығармаға орынлы киргизген.

Төлепберген Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал, пүткил түркий әдебий-эстетикалық ой дүньясында үлкен жаңалық болды. Бул шығармалар миллий-эпикалық ҳәм ХХ - әсир реалистлик прозасы дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды ҳәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге хызмет еттириўге деген жазыўшының умтылысынан дөреген. Жазыўшыға "Қарақалпақнама" роман-эссеси ушын М. Қашғарий

атындағы халықаралық (Орта Азия) сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды.

Ғәрезсизлик жылларында да Төлепберген Қайыпбергенов әдебиятымызды өзиниң көркем форма, жанр ҳәм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Буның мысалы сыпатында оның “О дүньядағы атама хатлар” роман – эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аўдарылды, усы арқалы пүткил регионға қәўип салған апатшылық ҳаққында жер жүзи халықларына мәлимлеўде үлкен хызмет етеди. Буннан кейин жазыўшы “Түркийнама”, “Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы”, “Қәлбимниң қамусы” «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» шығармаларын дөретти. Бул шығармалар өзиниң жанрлық-формалық, идеялық-тематикалық бағдарлары бойынша жаңалық болып қалмастан қарақалпақ әдебиятының усы жыллардағы жетискенликлеринен болды.

«О дүньядағы атама хатлар» дөретпесинде жазыўшы оригиналь көркем форманы таңлайды - Арал трагедиясының ақыбетлери ҳаққында автордың қайғылы гүрриңин бул дүньядағы тири, жер басып жүрген адамлар тыңламағанлықтан, о дүньядағы атасына мүрәжәт етиўге мәжбүр болады. Демек, бизиң заманласымыз - жазыўшы менен оның марҳум атасы арасындағы сәўбет дәўирдиң, тоталитар жәмийттиң адамлар басына салған трагедиялық ақыбетлерин сүўретлеўге хызмет етеди. Бул нәрсе авторлық идеяны оқыўшыға дәл ҳәм ашшы ҳақыйқатлығы менен қоса жеткериўде үлкен әҳмийетке ийе.

“Қәлбимниң қамусы” деп аталатуғын дөретпеси автордың философиялық ой - сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы репортаж - эссе деп жанрлық атама қойған. Бул шығарма да автордың жеке көз қарасларына, өткир пикирлерине бай. Жазыўшының дөретиўшилигинде “Түркийнама” дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Дөретпеде пүткил түркий халықлар, олардың тарийхы сүўретленеди, туўысқан түркий тиллес халықлардың ески тарийхын, өтмишин қайта қараў, олардың аўызбиршилигин қайта тиклеў, руўхый жақынлығын беккемлеў ҳәм тағы басқа мәселелер де ортаға қойылады. «Қарақалпақпан,

тәуекелшимен» шығармасы жазыўшының өмир тәжирийбеси, оқыған ҳәм көрген ҳәдийселери, фактлери тийкарында дөреген шығарма. Ол оған берилген 999 сораўға жуўаптан ҳәм жасларға деген 99 нәсиятынан ибарат. Бул дөретпеде де ибрат алатуғын пикирлер, үйрениў зәрүр болған факт ҳәм ҳәдийселер көп.

Жазыўшы дөретиўшилигиниң және бир үлкен бөлегин оның публицистикалық мақалалары қурайды. Төлепберген Қайыпбергенов XX әсирдиң 80-жылларының екинши ярымынан баслап елимизде орын алып атырған ҳәр қыйлы машқалалар (көбирек экология машқаласы) жөнинде Москва, Ташкент қалаларында шығатуғын орайлық газета ҳәм журнал бетлеринде көп ғана мақалалар жәриялады. Бул мақалаларда жазыўшының батыллық пенен айтқан пикирлери еле де орын алыўы мүмкин болған көп ғана трагедиялық жағдайлардың алдын алды, жазыўшылар, журналистлер ортасында ашық сөзлиликти, демократияны раўажландырды. Сондай - ақ олар қарақалпақ көркем публицистикасын буннан былай да раўажландырыўда айтарлықтай хызмет атқарды. Бир сөз бенен айтқанда, өз публицистикасы менен жазыўшы өз халқының образын жаратты. Қарақалпақ халқының тәғдири Төлепберген Қайыпбергеновтың жазыўшы сыпатында да, публицист сыпатында да, дөретиўшилигиндеги ең жетекши тематика есапланады. Жазыўшының дөретиўшилигин қарақалпақ әдебиятшы алымлары менен бирге өзбек жазыўшы-шайырлары, илимпазлары Камил Яшен, Әдил Якубов, Абдулла Қаххар, Абдулла Арипов, Пирмат Шермухаммедов, рус изертлеўшилери З.С. Кедрина, М. Пархоменко, Ю. Суровцев, М. Ломунова Т. Давыдова, З.Г. Османова, қарақалпақ алымы, академик Марат Нурмухамедов, Зоя Насруллаева, К. Султанов ҳәм басқа да белгили илимпазлар изертледи.

Ол соңғы жыллары Қарақалпақстан Жазыўшылар Аўқамының баслығы, Қарақалпақстанның Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығы комитетин басқарды.

Солай етип, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы, Бердақ атындағы, халық аралық Махмуд Қашғарий, Шолохов атындағы сыйлықлардың

лауреаты, Өзбекстан Қаҳарманы Төлепберген Қайыпбергенов өзиниң өлмес шығармалары арқалы ХХ әсир классиклериниң бирине айланды.

Жазыўшының әдебиятымыздың раўажланыўына қосқан әжайып мийнетлери жоқары баҳаланып, Өзбекстан Республикасының «Шуҳрат» медалы, «Дослық», «Ел – журт ҳүрмети» орденлери менен сыйлықланды, сондай – ақ ең жоқары сыйлық «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын алыўға миясар болды. 2010 жылдың 14 сентябринде арамыздан кетти.

## *Белгили инсанлар жазыўшы ҳаққында*

**Академик Андрей САХАРОВ:**

«Съездде 30-май күни (1989-жыл бурынғы СССР халық депутатларының биринши съездинде)…жоқары дәрежеде драмалық жағдай жүз берди. Қарақалпақстан АССРынан депутат Т. Қайыпбергенов Арал теңизиниң ҳәсирети ҳаққында сөйледи. Бул ҳәсиретли қубылыс өзиниң масштабы ҳәм узаққа созылатуғын шараяты бойынша соңғы гездеги пүткил әлемлик катастрофалар қатарына киреди. Бунда айтылған гәплер съезддеги ең аўыр ҳәсиретлерден бири болды… »

**«Знамя» журналы, №10, 1991-жыл.**

**Шыңғыс АЙТМАТОВ:**

«Мен өмиримде көплеп тарийхый романлар оқығанман. Сол тарийхый шығармаларда шет елли келгинди басқыншылар ямаса жүзеки ҳүкимдарлар душпан сыпатында сүўретленеди. Ал, сениң «Дәстаныңда» мен пүткиллей басқа

жағдайларды көрдим. Бунда (Маман бийде, Айдос бабада, Ерназар Алакөзде, басқаларда) басқа миллет, руў-аймақ ўәкиллерин душпан деп билмейди. Керисинше, душпанлар жанында болып, олар сениң менен бир тилде сөйлейди, көбинсе сениң менен қоңсы отаўда жасайды. Тилекке қарсы, мениңше, бундай жағдайлар бәрше халықларға тән, буны тарийх ҳәм тастыйықлайды… Егер олар бири-бириниң тымсалында өзлерин, бир пикирлес тәғдирлеслерин көрип, ҳәрқайсысын тән алғанда, XIX әсирге, бизге бир-бири менен муттасыл жаўласып келген жигирмадан аслам түркий халықлар ханлықлары мийрас болып қалмас еди… Өз жеринде, Азияның кең территориясында Россия, Қытай, Ҳиндстан, Иран менен биймәлел бой жарыстыратуғын уллы бир мәмлекетке тийкар салған болар еди…

Бул трилогия үлкен шығарма болып, ол ҳақыйқый сөз шебериниң қолы гүл уста тәрепинен өз халқын айрықша меҳир-муҳаббат пенен сүйетуғын жазыўшының жүрек көзи менен жаратылған. Сениң питкерген бул ислериң қарақалпақлар ушын-ҳәм, бәрше түркий халықлар ушын-ҳәм, шын мәнисинде, бийбаҳа «Дәстан» дөреткениң ушын рахмет!...»

**«Узбекистон овози» газетасынан.**

**Абдулла АРИПОВ (Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры):**



«…Ҳәр бир халықтың сондай перзентлери бар, оларды өзиниң туўған халқының маңлайына питкен таң жулдызы десе арзыйды.

Абдулла Қадирий - өзбек халқының, Мухтар Әўезов - қазақ халқының, Шыңғыс Айтматов – қырғыз халқының маңлайына Қуда несип еткен сондай жазыўшылар, бүгинги күнде бул әдиўли исмлерсиз өзбек, қазақ ҳәм қырғыз халықларын көз алдыға келтириў қыйын.

Өзиниң узақ тарийхына ийе әййемги қарақалпақ халқының кең маңлайына таң жулдызындай жарасып турған жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновдур.

«Дәстан»дағы ўақыялар қайсы дәўирлерде болып өткенине қарамастан, адамзат өмиринде ушырасатуғын қуўаныш ҳәм қайғылар, жоқары адамгершилик ҳәм пәклик, пидайылық ҳәм сатқынлық киби қәсийетлер миллет тәғдири менен тығыз байланыстырылған ҳалда баян етилгени ушын авторға офарин! – десек арзыйды.».

**«Халқ сўзи», 9-июль 1999-жыл.**

**Әдил ЯКУБОВ (Өзбекстан халық жазыўшысы):**



«Қайыпбергеновтың аты – ҳаўазасы ҳәм дөретпелери менен жақыннан таныс, бир саптағы қәлемкеш сыпатында мына пикирди кәмил исеним менен айта аламан: Төлепберген данышпан адам, сөйлескенде кеўилге уялайтуғын әңгимелерге де шебер, терең ойшыл жазыўшы.

Төлепберген Қайыпбергенов ХХ әсир әдебиятында туңғыш рет пүткил бир халықтың аты болған «Қарақалпақ» сөзине қосыў арқалы «Дәстан» сөзин де үлкен эпик полотно дәрежесине алып шықты. Қулласы, айтпақшы болған тийкарғы сөзим: Төлепберген Қайыпбергенов улыўма түркий әдебиятымызда

оғада бай тийкарларға ийе еки үлкен жанр – «Дәстан» ҳәм «Нама» ны өзине тән тәризде жаңалап, оларға екинши нәпес бағыш еткенлигин исеним менен айтыўым мүмкин.

Ең баслысы - әййемги Түркстан әдебиятында туңғыш роман – эссе, XX әсир түркий халықлар әдебиятында болса, дәслепки Нама 80-жыллардың орталарында - ақ жаратылды ҳәм ол қарақалпақ халқы, сол арқалы пүткил түркий халықлардың үрп-әдети, қәдди-қәўмети, ишки сезимлери гөззал, руўхый дүньясы бай, данышпанлық пазыйлетлерин жәҳән көз алдында жилўаландырып турыпты».

**«Узбекистон адабиёти ва санъати», 17-октябрь 1997-жыл.**

## *Төлепберген Қайыпбергеновтың өмир жолы ҳәм дөретиўшилиги даўамындағы тийкарғы сәнелер*

1929-жылы 7- майда Кегейли районының аймағындағы Шортанбай аўылында дийхан семьясында дүньяға келди.

1945-1947- оқыў жылларында Хожели педучилищесин оқып питкерди.

1947-50 - оқыў жылларында аўыл муғаллими болып иследи.

1950 - жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты бөлимине оқыўға түсти.

1955 - жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлады.

1955 - жылдан баслап Төлепберген Қайыпбергеновтың шығармалары баспа сөзде жәриялана баслады.

1955-57 - жылларда «Әмиўдәрья» журналының хатлар бөлиминде, радио еситтириў комитетинде редактор.

1957-58 - жылларда Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер.

1958- 59 - жылларда Қарақалпақстан телерадиокомитетинде аға редактор, комитет баслығының орынбасары.

1959- 60 - жылларда «Жас ленинши» газетасының бас редакторы.

1962- жылдан «Қарақалпақстан» баспасының директоры, «Совет Қарақалпақстаны» газетасының бас редакторы.

1964 – 67 - жыллары Қарақалпақстан телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде иследи.

1967-1980 -жылларда Қарақалпақстан баспасөз басқармасы баслығының орынбасары.

1980-жылы сентябрь айында Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы болып сайланды.

1987- 91- жылларда жәмийетлик басламада Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси баслығының орынбасары.

1990 - жылы Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти Ислам Каримовтың Пәрманы менен Өзбекстан Республикасы Президентлик Кеңесиниң ағзасы болып тайынланды.

1995- жылдан баслап жәмийетлик басламада Орайлық Азия халықларының мәденияты фонды басқармасының баслығы, Нөкисте ҳәм шығатуғын газета-журналлардың редколлегия ағзасы.

## *Жазыўшының орден ҳәм медаллары*

Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновқа әдебиятымыздың раўажланыўына қосқан әжайып мийнетлери жоқары баҳаланып, Өзбекстан

Республикасының «Шухрат» медалы, «Дослық», «Ел – журт хүрмети» орденлери менен сыйлықланды, сондай – ақ ең жоқары сыйлық «Өзбекстан Қаҳарманы» атағын алыўға миясар болды.




## *Жазыўшының атақлары ҳәм сыйлықлары*

1957-жылы Дүнья жүзилик Жаслар фестивалына бағышлап өткерилген Қарақалпақстан республикалық таңлаўының әдебият бойынша сыйлығының жеңимпазы.

1967-жылы Жазыўшының «Қарақалпақ қызы» роман-дилогиясы ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты.

1971- жылы «Муғаллимге рахмет!» повести ушын Ҳамза атындағы Өзбекстан мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.

1974-жылы Төлепберген Қайыпбергеновқа «Қарақалпақстан халық жазыўшысы» атағы берилди.

1986-жылы «Қарақалпақ дәстаны» роман-трилогиясы ушын бурынғы Аўқамның мәмлекетлик сыйлығына миясар болды.

1987-жылы «Правда» газетасында басылған «Кең пейил инсан» - (Алланияз Өтениязов ҳаққында) очерки ушын «Правда» газетасы таңлаўы сыйлығының лауреаты болды.

1988 – жылы «Крестьянка» журналында жәрияланған «Айша үндемей тура алмайды» атамасындағы очерки ушын усы басылым таңлаўы сыйлығының жеңимпазы болды.

1990-жылы «Крестьянка» журналында басылған «Бағ түсиме енди» атлы публицистикасы ушын «Крестьянка» журналының лауреаты болды.

1994-жылы «Өзбекстан халық жазыўшысы» деген ҳүрметли атақлары берилди.

1994-жылы ″Қарақалпақнама″ роман-эссеси ушын М. Қашғарий атындағы (Орта Азия) сыйлыққа, «О дүньядағы атама хатлар» дөретпеси ушын М. Шолохов атындағы халықаралық сыйлықлардың лауреаты болды.

1999-жылы Өзбекстан Республикасының «Эл-юрт ҳурмати» орденин алыўға миясар болды.

2003-жылы жазыўшыға «Өзбекстан Қаҳарманы» атағы берилди.

## *Төлепберген Қайыпбергеновтың айрықша шығармалары*

### *қарақалпақ тилинде*

**1958**

**1.** Секретарь: [повесть] - Нөкис: ҚҚМБ. - 1958. - 144 б.

**1961**

**2.** Блокнот сөйлейди: [гүрриңлер ҳәм очерклер] - Нөкис: ҚҚМБ,1961.-144 б.

**1966**

**3.** Суўық тамшы; Уйқысыз түнлер: [повестьлер] - Нөкис: Караклпакстан,-1966.-120 б.

**1968**

**4.** Маманбий әпсанасы: [роман] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.- 500 б.

**1971**

**5.** Бахытсызлар: [Қарақалпақ дәстаны. 2-роман] - Нөкис: Қарақалпақстан.-1971.-359 б

**1973**

**6.** Қарақалпақ дәстаны: Т.1. Маманбий әпсанасы. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1973.-500 б - 300 б.

**1978**

**7.** Роман повестьлер. - Нөкис: Қарақалпақстан,1978.- 429 б.

**1979**

**8.** Қарақалпақ дәстаны: 5 томлық.-Нөкис: Қарақалпақстан,1979.
Т.1. Маманбий әпсанасы,1979.- 489 б.
Т.3. Түсиниксизлер,1979.- 455 б.

**9.** Шығармалары: 5-томлық. Қарақалпақ дәстаны.-Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.- 372 б.

**10.** Т.2. Бахытсызлар: [роман] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.-372 б.

**1980**

**11.** Қарақалпақ қызы: [роман]; 1- китап.- Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.- 498 б.

**12.** Т.5.Сонғы хүжим: [повестьлер ҳәм гүрриңлер] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.-512 б.

**1985**

**13.** Қарақалпақнама: [роман] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1985.- 328 б.

**1986**

**14.** Көздиң қарашығы: [роман, очерклер, интервьюлер] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1986.- 412 б.

**1988**

**15.** Фамилия: [драма ҳәм публицистика] - Нөкис:Қарақалпақстан.-1988.-172 б.

**1989**

**16.** Қарақалпақ дәстаны: [1- китап] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.- 480 б.

**17.** Қарақалпақ дәстаны: [2-ши ҳәм 3-ши китап] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. - 704 б.

**1991**

**18.** Тәнҳә өзиңе мәлим сыр: [повестьлер ҳәм публицистикалық мақалалар] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1991. - 404 б.

**1992**

**19.** О дүньядағы атама хатлар: [эссе] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.-128 б.

**2003**

**20.** Қарақалпақпан. Тәўекелшимен.- Нөкис: Билим, 2003 .- 528 б.

**2008**

**21.** Қәлбимниң қамусы.-Нөкис: Билим, 2008.-524 б.

**2018**

**22.** Повестьлер. .-Нөкис: Билим, 2018.-244 б.

Қарақалпақ дәстаны: Т.1. Маманбий әпсанасы. - Нөкис: Билим, 2018.-512 б.

## өзбек тилинде

**1959**

**23.** Секретарь: [повесть] - Тошкент: Ўзадабийнашр, 1959.- 117 б.

**1965**

**24.** Совуқ бир томчи: [қисса] - Тошкент: Ёш гвардия, 1965. - 74 б.

**1970**

**25.** Сўнгги ҳужум: [роман] - Тошкент: Ёш гвардия, 1970. - 248 б.

**1972**

**26.** Рахмат муаллим: [қиссалар] - Тошкент: Ёш гвардия, 1972.-167 б.

**1973**

**27.** Маманбий афсонаси: [роман] - Тошкент: Адабиет ва санъат нашриёти, 1973.-544 б.

**1978**

**28.** Гумрохлар: [Қорақалпоқ достони Т.1] - Тошкент: Адабиёт ва санъат нашриёти, 1978.- 564 б.

**1982**

**29.** Сайланма: 3 жилдлик. -Тошкент: Адабиет ва санъат нашриёти, 1982.
1-жилд. Маманбий афсонаси: Роман.-544 б.
2-жилд. Қорақалпоқ достони.-1982.- 430 б.

**1983**

**30.** Сайланма: 3 жилдлик. - Тошкент: Адабиёт ва санъат нашриёти, 1983.
3-жилд. Гумроҳлар: [Қорақалпоқ достони Т.1] - 464 б.

**1990**

**31.** Қорақалпоқнома: [роман - эссе] - Тошкент: Адабиёт ва санъат нашриёти, 1990.-368 б.

**1997**

**32.** Қорақалпоқнома: [роман - эссе] - Тошкент: Шарқ, 1997.- 368 б.

**Қазақ тилинде**

**1983**

**33.** Рахмет саған устазым….:[повестьтер] 1 - 2 - том. - Алматы: Жалын, -1983.-182 б.

**1988**

**34.** Қарақалпақнама: [роман-эссе]. - Алматы: Жазушы, -1988. - 360 б.

**Молдаван тилинде**

**1981**

**35.** Нопц де вече: [Новестирб.Пентру шкоала медие]. - Кишинев: Лит. артистика, 1981. - 133 л.

**Рус тилинде**

**1966**

**36.** Спасибо, Учитель!.- Москва: Детская литература, 1966. - 64 с.

**1969**

**37.** Ледяная капли; Ночи без сна: [повести] - Москва: Детская литература, 1969.- 80 с.

**1971**

**38.** Дочь Каракалпака: [роман] - Ташкент: Литература и искусства, 1971. - 223 с.

**39.** Дочь Каракалпакии: [роман] - Москва: Известия, 1971.- 477 с.

**1974**

**40.** Последний бой: [роман] - Нукус: Каракалпакстан, 1974.- 318 с.

**1977**

**41.** Дочь Каракалпака: [роман] - Москва: Художественная литература, - 1977.- 444 с.

**1982**

**42.** Дастан о Каракалпаках. - Москва: Советсий писатель, 1982.- 422 с.

**43.** Дочь Каракалпакии: [роман в 2-х книгах] - Нукус: Каракалпакстан, 1982.- 472 с.

**1985**

**44.** Секретарь: [повесть] - Москва: Детская литература, 1985. - 111с.

**1987**

**45.** Из юрты - в мир. - Нукус: Каракалпакстан, 1987. - 140 с.

**1988**

**46.** Каракалпакнаме: [роман – эссе] - Алма-Ата: Жазушы, 1988. - 360 с.

**1989**

**47.** Дастан о каракалпаках: [трилогия] - Москва: Советский писатель, 1989. - 543 с.

Т.1.Сказание о Маманбие.
Т.2.Неприкаянные.
Т.3.Непонятные.

**48.** Каракалпакнаме: [роман – эссе] - Москва: Советский писатель, 1989. - 357 с.

**49.** Последный бой: [роман] - Москва: Художественная литература, 1989. - 829 с.

**1990**

**50.** Сколько имен у бога: Размышления, беседы: [выступления]. - Нукус: Каракалпакстан, 1990. - 200с.

**Татар тилинде**

**1981**

**51.** Эз-мэз узем хакында: [арал дулкынлары] - Казан: Таткитнэшр,1981.- 324б.

**Түркмен тилинде**.

**1982**

**52.** Буз дəмжасы: [повестден бөлек] - Ашғабат: Мағарыф, 1982.- 292 б.

**Украин тилинде**

**1977**

**53.** Дочь Каракалпака: [роман] - Киев: Днипро,1977. - 432 с.

## *Төлепберген Қайыпбергеновтың газета - журналларда шыққан шығармалары*

**1949**

**54.** Мол таярлықлар менен күтип алыў ушын: [очерк] // Қзыл Қарақалпақстан . - 1949. - 2 сент.

**1953**

**55.** Жасарған жүрек: [очерк] // Совет Қарақалпақстаны. -1953.-19 авг.

**1955**

**56.** Қалжан ҳәм «бес»: [сатира, қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1955.-31май.

**1958**

**57.** Унамлы образлар жасаў жөнинде пикир алысайық // Совет Қарақалпақстаны. - 1958. - 1окт.

**1973**

**58.** Әдебият әлеминиң уллы жулдызы: [Лев Толстой хаққында] //Әмиўдәрья.-1973.- №9. - Б. 99 -101.

**1976**

**59.** Түсиниксизлер: [роман] // Әмиўдәрья.-1976.- № 4 - 5.

**1978**

**60.** Тәнҳә өзиңе мәлим сыр: [повесть] // Әмиўдәрья. -1978.- № 10. - Б.18 - 49.

**61.**Шынғыс Айтматов жөнинде бирнеше сөз: [Туўысқан халықлар әдебиятынан] // Әмиўдәрья.-1978.- № 6.- Б. 43 - 44.

**1979**

**62.** Жазыўшы жуўап береди: [Азмаз өзим хаққында] // Әмиўдәрья.-1979.- № 2 - Б.117 -125.

**1985**

**63.**Әдебияттың жоқары идеялылығы ҳәм көркемлик шеберлиги ушын // Әмиўдәрья -1985. - № 12 - Б.11 - 26.

**1986**

**64.** Бир кесе сүт: [жазыўшының күнделигинен] // Совет Қарақалпақстаны.-1986.- 16 июль.

**1988**

**65.** Руўхый берилгенлик ҳәм арқа сүйеўшиликке берилиў сезимлери: [очерк] // Совет Қарақалпақстаны.-1988.- 20 сент.

**1989**

**66.** Арал ҳәм Арал бойы проблемалары. // Әмиўдәрья.-1989.- № 1.

**1992**

**67.** Қудыққа қулан қуласа… // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. -13 июнь.

**68.** Қарақлпақстанлылар екинши ўатанына көшежақ: [О дүньядағы атама хатлар] // Еркин Қарақалпақстан.-1992.-10 сент.

**69.** Редакторға хат: [«Вопросы литературы» журналының бас редакторы Д.М.Уруновқа] // Әмиўдәрья.-1992.- № 1.- Б.110 - 112.

**1995**

**70.** Қәлбимниң қамусы: [гүбирли - сыбырлылардан сегиз дәптерли репортаж - эссе] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995.- 7 окт., // Әмиўдәрья.-1999.- № 4.

**1997**

**71.** Ғәрезсизлик- адамды баҳалаў демек // Еркин Қарақарлпақстан.- 1997.-- 7 авг.

**72.** Қүдиретимиз руўхый бирлик ҳәм пүтинлик: [Түркстан улыўма үйимиз] // Еркин Қарақалпақстан. -1997.- 25 янв.

**73.** Сахра бүлбили: [Бердақ Ғарғабай улының туўылғанына - 170 жыл толыўы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан.-1997.-18 сент.

## 1998

**74.** «Әдил» ҳәм әдалаттың түбири «Әдил»: [Өзбекстан халық жазыўшысы Әдил Якубовтың 70 жыллығына байланыслы] // Еркин Қарақалпақстан - 1998.- - 9 май.

**75.** Жасы киши адасыма мүрәжатнама // Қарақарлпақстан жаслары. - 1998.- 29 янв.

**76.** Кәлбимниң қамусы., Түркийнама [яки өзине бекнама] // Еркин Қарақалпақстан.-1998. -7 июль.

**77.** Қәсте едик саў болдық, пәсте едик таў болдық // Еркин Қарақалпақстан. - 1998. - 24 окт.

## 1999

**78.** Биз бәрҳа биргемиз: [16-февральда Ташкентте болып өткен терроршы-лардың қастыянлық ҳәрекети ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. -1999.- 4 март.

**79.** Қазақ халқының атақлы шайырларының бири Нурлан Оразалин ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан.-1999.- 6 февр.

**80.** Өмир китабының зербарақлары // Қарақалпақстан жаслары.-1999.-14 янв.

## 2000

**81.** Президентимиз бәршемизге қудиретли қанат берди // Еркин Қарақалпақ--стан. - 2000. -14 дек.

**82.** Тарийхымызды тереңирек үйренейик // Еркин Қарақалпақстан.-2000.- 2 нояб.

## 2001

**83.** Қарақалпқпан!-түркий-зибанларданман, өмирде тәўекелшимен // Еркин Қарақалпақстан. -2001. – 1 нояб.

## 2003

**84.** Жәҳән ишинде қәддимизди тикледик // Еркин Қарақарлпақстан. - 2003. - 17 июль.

**85.** Қарақалпақпан, өмирде тәўекелшимен: [эссе] // Еркин Қарақалпақстан. - 2003.-18 март.

## Өзбек тилинде

### 1982

**86.** Кўз қорачиғи: [роман] // Шарқ юлдузи. -1982.- № 8. - Б.68.

### 1987

**87.** Ижтимоий адолатни тиклаш зарур // Ўзбек адабиёти ва санъати. -1987.- 20 нояб.

### 1993

**88.** Қорақалпоғистонликлар иккинчи ватанига кучмоқчи // Шарқ юлдузи. - 1993.-№ 9,10,12. - Б.70 -145.

**89.** Муҳаббатга девона // Ўзбекистон адабиёти ва санъати.-1993.- 22 янв.

### 1995

**90.**Учинчи минг йиллик бўсоғасида // Ўзбекистон адабиёти ва санъати.- 1995.-16 июнь.

### 1998

91**.** Бердакнинг умр ҳасрати: [уч пардали драма] // Марказий Осиё маданияти . -1998.- июнь.- № 6.

**92.** Қалбимнинг қомуси. Туркийнома // Аму тонги.-1998. -1авг.

**93.** Бердақнинг ҳасрати: [тарихий драмадан парча] // Ўзбекистон адабиёти ва санъати.-1998. -16 окт.

**94.** Ойдус бобо: [тарихий драма] // Аму тонги.-1998. - 14 нояб.

**95.** Саҳро булбули: [роман] // Аму тонги. -1998. – 21 февр

### 1999

**96.** Зар қодрини заргар билар: [А.Орипов ҳақида] // Халқ сўзи.-1999. - 8 янв., // Еркин Қарақалпақстан.- 1999. - 26 янв.

### 2000

**97.** Тарих ҳикматлар дунёси. // Халқ сўзи. - 2000.-12 сент.

**2006**

**98.** Қорақалпоқман, таваккалчиман //Аму тонги. - 2006.-31дек.

**Башқурт тилинде**

**1977**

**99.** Қарақалпақ кызы: [романдан өзек] //Агидел. -1977.- № 6.- Б.113 -120.

**100.** Қарақалпақ қызы: [романдан өзек] // Совет Башкортостаны. -1977.- 2 - 4 май.

**Татар тилинде**

**1977**

**101.** Каракалпакстан кызы: [шул исемдэги романнан озек] // Қызыл тан.- 1977.-14-16 июнь.

**1980**

**102.** Гаепсез гаепле: [Маман-Би турында ривоят исемле романнан озек] // Соц. Татарстан. -1980.- 20 июль.

**1981**

**103.** Эз-мэз узем хакында // Казан утлары.-1981.- № 5.- Б. 22 - 32.

**Түркмен тилинде**.

**1967**

**104.** Елдақы душман: [ҳәкая] // Сов. Туркменистаны.-1967.- 11 май.

**Рус тилинде**

**1969**

**105.** Разговор на хирмане // Правда Востока.-1969.- 5 май.

**1971**

**106.** Секретарь: [глава из повести] // Советская Каракалпакия.-1971.- 13 - 21 янв.

**1974**

**107.** Сказание о Маманбие // Советская Каракалпакия.-1974.-13 февр.

**1983**

**108.** Народный взгляд на историю: [О А. Толстой] // Советская Каракалпа - кия. - 1983. - 24 февр.

**1986**

**109.** Зеница ока: [роман] // Звезда востока.-1986.-№ 5.- с.3 -77.

**1988**

**110.** Начале: [из романа-эссе «Каракалпакнаме] // Звезда востока.-1988.- № 8.- с.146-167.

**1991**

**111.** Язык мой - враг мой ?...[Общий вопрос о Каракалпакии] // Советская Каракалпакия.-1991.- 9 мая.

**1992**

**112.** Художественная память- душа народа: [Размышления по поводу двух книг] // Советская Каракалпакия.-1992.- 22 янв.

## ***Төлепберген Қайыпбергенов ҳәм оның шығармалары ҳаққында***

**113.** Абдуллаев М. Гәптиң ҳағын айтсам // Қарақалпақстан жаслары.-1998.-13 авг.

**114.** Абдуллаев М. Төлепберген Қайыпбергеновтың «Қәлбимниң қамусы» атлы китабы ҳаққында // Еркин Қарақалпақстан. -1994. - 18 окт.

**115.** Абдимуратов А. Жазыўшы сөзиниң қүдирети: [Т. Қайыпбергенов публицистикасының нәтийжелик сыпаты] // Әмиўдәрья.- 2014.- № 4.-Б. 94 – 97.

**116.** Абдимуратов А. Жазыўшы сөзиниң қүдирети: [Өзбекстан Қаҳарманы Т. Қайыпбергенов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2014.- 24 июль.

**117.** Айтматов Ш. Ш. Айтматовтан Т.Қайыпбергеновқа хат // Еркин Қара - қалпақстан.-1998.-19 нояб.

**118.** Алламбергенов К. Қарақалпақ прозасының жарық жулдызы.{Жазыўшының өмири ҳәм дөретиўшилик жолы} // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 7 май

**119**. Арзиев Р. Әдебиятымыздың жарқын жулдызлары. // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 2 май

**120.** Атажанов Ә. Белгисиз үшинши адам: [Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновты еслеў: даўамы бар] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- июль.

**121.** Атажанов Ә. Белгисиз үшинши адам: [Жазыўшы Төлепберген Қайыпбергеновты еслеў] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015.- август.

**122.** Атаўлы Р. Отаўдан кең жәҳәнге: [Т. Қайыпбергенов пенен сәўбет «Туркстан» газетасынан аўдарылды] // Қарақалпақстан жаслары.-1997.-27 февр.

**123.** Ахметов С., Мәмбетов К., Камалов Қ. «Қарақалпақ дәстаны» ҳаққында // Совет Қарақалпақстаны.-1985. - 7 авг.

**124.** Әбдимуратов А. Жазыўшының сөзи халық хүжданының ҳаўазы [Т. Қайыпбергенов публицистикасында халық образы] // Әмиўдәрья.-1997.- № 7-8.-Б.99.-101.

**125.** Әбдимуратов Ә. Миллий дәстүрлерди тиклеп [Т. Қайыпбергенов публицистикасында әдебият ҳәм машқалалар] // Қарақалпақстан жаслары.-2000. - 3 февр.

**126.** Әбдирахманов О. Жазыўшы хаққында сөз // Еркин Қарақалпақстан.- 2009.- 28 апр.

**127.** Әдебиятымыздын жарык жулдызы: [Белгили инсанлар жазыўшы ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.- 2009. - 7 май.

**128.** Әдеп-икрамлылық өлшеминде: [Т. Қайыпбергенов пенен критик Зоя Финицкаяның гурриңлесиўи] // Совет Қаракалпакстаны.-1987.- 6 янв.

**129.** Әжимов Я. «Маманбий әпсанасының өзбек тилиндеги аўдармасы хаққында // Әмиўдәрья.-1986. - № 3.- Б.105 -106.

**130.** Бакый Н. Бир уўыс топырақ: [Қарақалпақ халық жазыўшысы Т. Қайыпбергенов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.-28 июль.

**131.** Бекбергенова З. Жазыўшының дөретиўшилик дүньясы // Еркин Қарақалпақстан. - 2009. - 23 апр.

**132.** Бекниязова С. Халықтың үлкен хүрмети: [Төлепберген Қайыпбергенов ҳаққында] // Қарақалпақ әдебияты. - 2015. - май.

**133.** «Бул дүнья мәңгиге жумбақлы дүнья»: [Т. Қайыпбергенов пенен Қ. Байниязовтың сәўбети] // Устаз жолы. - 2005. - 23 апр.

**134.** Жалолиддинова Н. Қарақалпақтың бийик шынары // Еркин Қарақалпақстан. - 2007. - 29 март.

**135.**Заманласлары Төлепберген Қайыпбергенов ҳаққында // Қарақалпақстан жаслары.- 2000.-11 май.

**136.** Заманласлары Төлепберген Қайыпбергенов ҳаққында // Әмиўдәрья.- 1979. - № 3.-Б.97-105: [Т. Қайыпбергеновқа халықаралық Қашғарий сыйлығы] // Еркин Қарақалпақстан.-1995.- 24 март.

**137.** Қанназаров Т. «Қарақалпақ» сыйлығының жаңа лауреатлары [Т. Қайыпбергенов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.-1992.- 4 апр.

**138.** Қарақалпақ прозасының кәрўанбасысы // Еркин Қарақалпақстан.- 2009. - 5 май.

**139.** Қарақалпақ әдебиятының қос арысы: [И. Юсупов ҳәм Т. Қайыпбергеновлардың 85 жыллығы] // Ustaz joli'. - 2014. - 15май.

**140.** Қожықбаев Э. Конфликт ҳәм қаҳарман образы: [Т. Қайыпбергеновтың «Соңғы ҳүжим ҳәм Қарақалпақ қызы романлары ҳаққында] // Әмиўдәрья.-1978.- № 5.- Б.120 -123.

**141.** Көп миллетли мәдениятымыздың руўхый байлығы ушын Т. Қайыпбергенов 2004 - жылы Шолохов атындағы сыйлықтың лауреаты болды // Қарақалпақстан жаслары. - 2004. -13 нояб., // Еркин Қарақалпақстан.- 2004. - 4 нояб.

**142.** Көпти көрген биледи…[Жазыўшы Төлепберген ҳажы менен ислам дини дөгерегинде сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан.- 2007. - 5 май.

**143.** Қосжанов М. Қаҳарман жазыўшы // Қарақалпақстан жаслары. - 2005. - 10 март.

**144.** Қутлымуратов Қ. Әдебиятымыздың жарқын жулдызлары. // Устаз жолы. - 2019. – 13 май

**145.** Қутлымуратова У. Қарақалпақ әдебиятының қос байтереги. // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. – 16 май

**146.** Ломунова М Әййемги саҳра сыры: [Т. Қайыпбергеновтың өмири ҳәм китаплары] // Әмиўдәрья. - 2007. - № 3. - Б. 100 - 101, № 4.- Б.120. - 129. // Әмиўдәрья. - 2008.- № 1,2,3,4.

**147.** Мәмбетов К. Т. Қайыпбергенов ҳаққында // Әмиўдәрья.-1979.- № 8.- Б. 97 -105.

**148.** Мамбетниязова С. Талант бир туўылар өз заманында. // Устаз жолы. – 2019. – 13 май

**149.** Мениң ең бийик арзыўым – китапларымның адамлардың жақсы болыўына жәрдемлесиўи [Т. Қайыпбергенов пенен В. Чеботин сәўбетлести] // Еркин Қарақалпақстан. - 2004. -12 июнь.

**150.** Мирзо М. Жаңа жылда жаңа роман менен // Қарақалпақстан жаслары.- 1996 -18 янв.

**151.** Муҳамедова Л. Шынлық ҳәм халыққа садықлық жолынан // Қарақалпақстан жаслары. - 2008. - 14 февр.

**152.** Нуржанов П. Әдебий - эстетикалық ой дүньямызға қосылған салмақлы үлес // Еркин Қарақалпақстан. - 2004. - 8 май.

**153.** Нуржанов П. Қара үйден әлемге жол // Еркин Қарақалпақстан.-2009. -16 апр.

**154.** Нуржанов П., Кәримова Р. Т. Қайыпбергеновтың шығармаларын үйрениўдиң айырым мәселелери // Еркин Қарақалпақстан.-2006. -26 окт.

**155.** Нуржанов П. М. Шолохов атындағы халықаралық сыйлыққа миясар болған қарақалпақ жазыўшысы // Еркин Қарақалпақстан.-2004.-3 июнь.

**156.** Нуржанов П. Халқын дүньяға таныткан жазыўшы. [Төлепберген Қайыпбергеновтың 90 жыллығына]. // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. – 20 апр.

**157.** Нурумбетова У. Жумагул образындағы тәғдирлеслик ҳәм оригиналлық // Хабаршы.-1979.- № 2.- Б.84 - 89.

**158.** Нызанов М. Фамилия. [Төлепберген Қайыпбергеновтың 90 жыллығына] // Қарақалпақстан жаслары. – 2019. – 9 май

**159.** Оразымбетов Қ. Әдебият майданындағы ири тулға // Еркин Қарақалпақстан.- 2009.-7 май.

**160.** Оразымбетов Қ. Қарақалпақ халқының таң жулдызы. // Еркин Қарақалпақстан. - 2019. – 27 апр.

**161.** Өтемуратов Х. Жазыўшы ҳәм стиль // Әмиўдәрья.-1998.- № 5.- Б.82.

**162.** Палўанов Б. Қарақалпақ әдебиятының қос байтереги: [Эссе жанрын жаңартып Т.Қайыпбергенов ҳәм И.Юсупов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. -2009. - 2 май.

**163.** Палўанов Б. Т. Қайыпбергенов прозасында фольклоризм // Әмиўдәрья.-2002.- № 3,4.- Б.115 -116.

**164.** Палўанова Г. Қос байтерек, қос жулдыз // Қарақалпақстан мәденияты. -2019. -11 май

**165.** Россиядан хат: [Жазыўшы Т. Қайыпбергеновқа] // Еркин Қарақалпақстан.- 2005.- 3 март.

**166**. Сапарова Г. Халық қәлбиндеги инсанлар. // Еркин Қарақалпақстан. – 2019. - 25 апр.

**167.** Султанов А. «Көздиң қарашығы» романында философиялық ой-пикирлер // Еркин Қарақалпақстан.- 2005. -1 нояб.

**168.** Тажетдийнова Г. Таң жулдызындай жарасық: [Төлепберген Қайыпбергенов ҳаққында] // Ustaz joli'. - 2014.-15май.

**169.** Халилаева Г. Т. Қайыпбергеновтың "Бахытсызлар" романында гөнерген сөзлердиң қолланыўы // Әмиўдәрья. - 2015. - № 2. - Б.126 -128.

**170.** Шамуратов Ж. «Ҳақыйқый қарақалпақ»ты таныткан инсан. Төлепберген Қайыпбергеновтың 90 жыллығына]. // Жипек жолы. – 2019. – 18 май

**171.** Юнусова К. «Қарақалпақнама»- қарақалпақ халық айнасы // Еркин Қарақалпақстан. - 2008. - 5 февр.

***

**172.** Абибуллаев Д. Қорақалпоқ прозасининг сардори. // Қорақалпоғистон тонги. – 2019. – 11 май

**173.** Т. Қайыпбергеновни ва И. Юсуповни «Эл-юрт қурмати» ордени билан мукофотлаш тўғрисида: Ўзбекистон Республикаси Президентининг Фармони: //Аму тонги. -1999.- 6 май.

**174.** Қучқоров Я. Насримизнинг чинори: [Т. Қайпбергенов ҳақида] // Халқ сўзи. - 2000.-12 сент.

**175.** Нуржанов П. Давримизнинг донишмонд адиби //Аму тонги.- 2009.-30 апр.

**176.** Нуржанов П. Оламга машҳур қорақалпоқ адиби. // Қорақалпоғистон тонги. – 2019. – 2 май

**177.** Отаев Р. Адабиёт уммонида. // Ўзбекистан адабиёти ва саънати. – 2019. – 17 май

**178.** Сафаров М.. Юртини достон қилган адиб // Халқ сўзи - 2004.- 6 май.

***

**179.** Абдимуратов А. Писатель и публицист: [Тулепберген Каипбергенов] // Вести Каракалпакстана. - 2015. - 5 мая.

**180.** Абдимуратов А. Публицистика – одна из граней его таланта. // Вести Каракалпакстана. – 2019. – 7 май

**181.** Абибуллаев Д. Титан каракалпакской прозы. // Вести Каракалпакстана. – 2019. – 11 май

**182.** Мухамедова Л. Путь честности // Вести Каракалпакстана.- 2008.- № 8.

**183.** Нуржанов П. Неувядаемая слава Толепбергена Каипбергенова: [К 85-летию писателя] // Вести Каракалпакстана. - 2014. - 6 мая.

**184.** Летописец Каракалпакского народа [О Т. Кайпбергенове] // Вести Каракалпакстана.-2000.-12 сент.

**185.** Ломунова М. Тайна древней степи // Вести Каракалпакстана.-2005.-5 апр.

**186.** Тюгай Г. Его творчество - живое слово народа // Вести Каракалпакстана.-2008.-10 июня.

**187.** Художник слова: [Т. Кайпбергенову -75 лет] // Правда востока. - 2004.-7 мая.

**188.** Чеботин В. Мое самое заветное желание-чтобы моий книги помогали людям стать лучше: [интервью Т. Кайпбергенова] // Вести Каракалпакстана.-2004.- 15 июня.

**Дүзиўши:**
**Үлке таныў секторы баслығы : Халмуратова А.**